



Pou Piblikasyon Imedya: 7/7/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA KI OTORIZE UTILIZASYON ESPAS MINISIPAL POU MANJE DEYÒ

*Lwa a Pwolonje Dekrè Egzekitif Gouvènè a Ki Te yon Liy Sovtaj ki Enpòtan Anpil  
pou Restoran ak Ba yo*

*Nouvo Lwa a Pèmèt Restoran yo Fonksyone sou Twotwa Minisipal ak Lari  
Fèmen yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a siyen lwa (S.6353-A/A.7733) ki pral pèmèt restoran yo itilize espas minisipal tankou twotwa ak lari yo pou zafè manje deyò. Lwa sa a yon dekrè egzekitif Gouvènè a siyen admèt, pèmèt restoran yo kontinye itilize espas piblik sa yo pou yon lòt ane pandan yo ap soti anba dezast ekonomik pandemi COVID-19 la pwovoke.

"Pandan nou ap rebati New York pou li pi bon pase jan li te ye anvan, li enpòtan pou nou aprann nan sa ki te pase a epi pwofite de jefò sa yo ki te ede otandè ti biznis New York kontinye egziste apre pandemi mondyal la," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè New York pwolonje liy sovtaf endispansab la ki te pèmèt restoran yo itilize espas piblik deyò yo pou fè moun chita pandan pandemi an, li asire li ti biznis sa yo ap kapab kontinye itilize espas sa yo pandan yo ap travay pou yo rebati ak sipòte relans Empire State la."

Pandemi an te sitou afekte restoran yo. Gen anpil ki kontinye ap lite ofiyamezi New York ap retabli. Etablisman sa yo konte sou lòt sipò Eta a bay pou kontinye itilize espas piblik yo. Sipò a gen ladan [Pwogram \\$800 milyon dola Sibvansyon pou Relanse Ti Biznis apre Pandemi COVID-19 la](#).

Dekrè egzekitif Gouvènè a yo te pibliye okòmansman nan mwa jen 2020 epi ekspire apre yon lane te pèmèt restoran ak ba yo sèvi kliyan yo manje oswa bwason nan lokal yo nan espas deyò a pandan kantite moun anndan an te limite. Pi presizeman, yo te pèmèt etablisman sa yo pwolonje lokal ki otorize yo itilize espas piblik tankou twotwa oswa lari ki fèmen yo, selon limit ak pwosedi rezonab Otorite Alkòl Eta a fikse ak plan sekirite ak sipèvizyon minisipalite lokal la.

Avèk fen ljan pou Katastwòf yo deklare a, Lwa a dwe kodifye dekrè egzekitif yo pou yo kontinye an vigè oswa konte sou lòt pouvwa reglemantè ki egziste nan yon ajans Eta. Nan ka sa a, lwa a te nesèsè pou pèmèt Otorite Alkòl Eta a kontinye itilize espas sa a san apwobasyon anvan.

Itilizasyon espas piblik ki deyò restoran an dwe respekte tout lwa, règ, ak konsèy federal, Eta ak lokal yo, selon lwa ki siyen an. Restoran yo dwe gen yon pèmi itilizasyon tanporè minisipalite a, ki gen misyon pou li asire yo itilize espas piblik la yon manyè ki san danje epi nan lòd. Nouvo aplikan yo ap oblije bay kominote a avi yon manyè ki kadre avèk Lwa sou Kontwòl Bwason Alkolik Eta a.

**Senatè Roxanne Persaud te deklare,** "mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo paske li siyen lwa ki pwolonje zafè manje deyò a ak lavant bwason pou yo konsome sou plas sou twotwa ak sou moso teren minisipal yo pou yon ane anplis. Pandan pandemi COVID-19 la, etablisman manje yo te gen difikilte pou yo rete ouvè. Se te yon plezi pou mwen te travay avèk Manm Asanble Pat Fahy ak kòlèg yo pou nou elabore yon politik ki pral ede anpil ti biznis sove anba konsekans ekonomik la. Mwen di Gouvènè a ak Lidè Lejislatif nou yo mèsi paske rive jwenn yon akò rapid sou mezi enpòtan sa a."

**Manm asanble Patricia Fahy te deklare,** "Zafè manje deyò nan itilize twotwa ak espas lari a vin yon liy sovtaf finansè pou restoran yo pandan pandemi an. Non sèlman li te ede plizyè santèn ti biznis lokal rete ann aktivite, gen prèv ki montre se yon obèn popilè pou ekonomi lokal nou an ak 'Main Streets.' Lwa sa a ap pèmèt restoran sa yo kontinye itilize espas deyò yo pou yon lòt ane pou ede kenbe pòt yo louvri epi kontinye ede yo retounen sou ray, epi mwen fè Gouvènè a konpliman paske li pwolonje 'lari ouvè' New York."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)